



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TEREN KAN PARK ETA TE ETABLI YON REKÒ  
PREZANS POU SENKYÈM ANE YOUN DÈYÈ LÒT**

*Teren kan, kabin ak chalè nan Eta New York te okipe plis pase 633,000 Nwit*

*Pwojè a Konplete Inisyativ \$900 Milyon Dola Gouvènè a pou Inisyativ  
NY Parks 2020*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke teren kan Park Eta yo te etabli yon rekò pou prezans pou senkyèm ane youn dèyè lòt. Jis nan Jou Columbus, teren kan, kabin ak chalè yo nan eta te okipe pou plis pase 633,000 nwit, depase rekò 2015 lan a 623,891 nwit.

“Plis vizitè ap dekouvri bote natirèl san parèy ak lwazi anplennè ke park eta nou yo ofri,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Angajman nou pou konsève park ak teren kan yo nan New York atire nouvo vizitè yo ak revni pou sipòte travay epi kreye aktivite ekonomik nan eta.”

**Komisyonè State Parks Rose Harvey te deklare,** “Gouvènè Cuomo ap kondwi renouvèlman nan teren kan ak Park Eta nou yo. Park Eta yo ofri bagay ki enteresan pou w fè pandan tout ane a, e mwen ankouraje moun yo pou planifye yon antre nan youn nan destinasyon enkwayab yo.”

Kantite okipasyon nan kan Park Eta yo te grenpe preske 17 pousan depi Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an, ogmante chak ane nan preske 542,000 nwit otèl nan 2011 pou rive a 633,000 jiska prezan ane sa a.

**Rekò Prezans pa Ane:**

2011 541,771

2012 578,428

2013 583,016

2014 594,441

2015 623,891

## **Kantite nwit vizitè yo te pase nan rejyon an nan 2016:**

Lwès New York – 109,241

Finger Lakes – 95,492

Southern Tier – 79,921

Central New York – 170,685

Mohawk Valley – 30,400

North Country – 148,870

Capital Region – 34,578

Mid-Hudson – 29,551

Long Island – 44,173

Fen sezon kan rete disponib nan kèk sit kan ki seleksyone, Rezèvasyon kan ka fèt atravè ReserveAmerica ki bay rezèvasyon sou entènèt ak telefòn pou sit kan atravè New York. Yo aksepte rezèvasyon pou sit kan ak kabin yo, de yon jou a nèf mwa annavans de dat ki planifye a. Vizite [sitwèb](#) la oswa rele nan nimewo telefòn gratis 1-800-456-CAMP.

Gouvènè Cuomo angaje pou amelyore epi elaji aksè nan aktivite rekreyatif ekstèn yo. Plan [NY Parks 2020](#) Gouvènè a fè pati nan yon angajman plizyè ane pou ogmante yon laj varyete finansman piblik ak prive pou investi apeprè \$900 milyon nan Park Eta yo de 2011 a 2020. Bidjè Eta 2016-17 gen ladan \$90 milyon nan bi inisyativ sa a. Biwo Pak, Rekreyasyon ak Konsèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ap sipèvize 180 pak ak 35 espas istorik eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa ale sou [www.nysparks.com](http://www.nysparks.com), konekte nan [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418